



Pou Piblikasyon Imedyat: 10 oktòb 2011

GOUVÈNÈ CUOMO MANDE APWOBASYON FEDERAL RAPID POU PWOJÈ PON TAPPAN ZEE

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse li mande gouvènman federal la pou fè pwosesis evalyasyon ak apwobasyon an prese-prese pou pèmèt travay la kòmanse nan pwojè Pon Tappan Zee. Pwojè Tappan Zee reprezante yon envestisman anpil milyon dola ki pral kreye yon pakèt ak anpil djòb, epitou pou repare yon pati enpòtan nan enfrastrikti sèvis transpò Northeast la.

Prezidan Barack Obama te lanse yon konpetisyon kote eta yo te kapab soumèt gwo priyorite yo, pwojè pou kreye anpil djòb pou yo ka jwenn apwobasyon federal rapid yo, epitou Eta Nouyòk te soumèt pwojè Tappan Zee nan konpetisyon an.

Avèk yon evalyasyon federal rapid sou Deskripsyon Konsekans sou Anviwònman an (Environmental Impact Statement- EIS) ak tretman sèten pèmi, pwojè Tappan Zee ta kapab kòmanse byen bonè nan ane k ap vini an, pou pètèt kreye plis djòb pase nenpòt lòt pwojè enfrastrikti nan peyi a.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Pon Tappan Zee reprezante yon pati enpòtan pou eta nou ak pou enfrastrikti rejyon an. Pwojè Pon Tappan Zee ap amelyore yon eleman enpòtan eta nou ak enfrastrikti nasyon an, epitou anmenmtan, l ap pèmèt anpil ak yon pakèt Nouyòkè retounen nan travay.”

Dirijan Majorite Sena a, Dean Skelos, di konsa, “Mwen ankouraje gouvènman federal la pou apwouve pwojè sa a prese-prese pou nou kapab kreye anpil ak yon pakèt djòb. Gwo envestisman nan enfrastrikti se egzakteman sa New York bezwen pou lanse ekonomi an, epitou pou pèmèt vin gen sekirite ankò sou pon ak lòt wout enpòtan kote gen anpil sikilasyon machin. Mwen bat bravo pou Gouvènè Cuomo ak Senatè Fuschillo, Prezidan Komite Transpò Sena a, pou kalite dirijan yo montre sou pwojè enpòtan sa a.”

Pòtpawòl Asanble a, Sheldon Silver, di konsa, “Avèk sipò gouvènman federal la, Eta New York pral kapab kòmanse travay sou Pon Tappan Zee, pou asire pati enpòtan enfrastrikti Northeast sa a rete pwoteje ak solid. Investisman enpòtan sa yo gen posiblite pou chanje ekonomi rejyon an, pou kreye anpil djòb, epitou pou renouvle konfyans nan relans ekonomi eta nou an. Gouvènè Cuomo montre vrè kalite dirijan li nan rekonstwiksyon ekonomi New York, epitou mwen pa ka tann pou kontinye travay ansanm sou pwojè enfrastrikti enpòtan yo, epitou pou kreye anpil djòb nan eta nou an.”

Yo te konstwi Pon Tappan Zee nan ane 1950 yo. Pon Tappan Zee se yon koneksyon enpòtan nan rezo sèvis transpò rejyon an ki pèmèt wout Entè-Eta I87/I287 travèse Rivyè Hudson, ki konekte

Konte Rockland ak Konte Westchester nan pati sidès Nouyòk, sou apeprè yon distans 15 mil onò mitan vil Manhattan. Pon sa a konekte I287 ki nan New Jersey ak I95 ki nan Connecticut pou ale nan Nòdès, New Jersey ak Pennsylvania, epi se sou li yon gwo pousantaj kamyon pase. Apeprè 135 000 veyikil travèse pon an chak jou avèk plis pase 160 000 veyikil nan kèk wikenn, avèk yon total apeprè 45 milyon veyikil nan ane 2010 la.

Nan dènye ven (20) ane yo, kalite Tappan Zee te bese anpil. Answit, avèk sèt (7) liy etwat epi san miray sekirite, Tappan Zee gen yon to aksidan ki reprezante de (2) fwa rès sistèm Wout Eksprès nan Nouyòk. Pon an genyen frajilite grav tou nan evènman ekstrèm tankou gwo siklòn, kolizyon bato ak tranblemanntè. Si nou pèdi Tappan Zee, oswa si nou redui nan liy yo oswa nan limit chajman yo, sa ta mete twòp taks sou wout yo, epi tou sa ta lakòz yon gwo konsekans ekonomik sou rejyon an.

Pwojè Tappan Zee gen posiblite pou kreye plis djòb pase nenpòt lòt pwojè enfrastrikti nan nasyon an. Selon Administrasyon Federal Otowout (Federal Highway Administration - FHWA), enfrastrikti sèvis transpò reprezante 11 pousan aktivite ekonomik nasyon an. Pou chak dola ki investi nan konstriksyon otowout, ekonomi jeneral la resevwa 4,87 \$ nan avantaj ekonomik – prèske senk (5) fwa rannman sou investisman. Konstwiksyon otowout sipòte anpil milye djòb tou. FHWA estime chak 1\$ milya dola ki depanse nan konstwiksyon otowout sipòte plis pase 30 000 posiblite pou moun jwenn djòb. Associated General Contractors of America estime 1\$ milya dola ki investi nan konstwiksyon ki pa lojman ap kreye oswa sipòte 28 500 djòb: yon tyè djòb sa yo ap reprezante djòb konstriksyon souplis, yon sizyèm djòb yo ap reprezante djòb endirèk nan founisè materyo konstriksyon ak sèvis, epi apeprè mwatye nan djòb yo ta kreye lè konstriksyon an ak travayè ak pwopriyetè founisè yo depanse revni anplis yo.

###

*W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb www.governor.ny.gov
Eta Nouyòk | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418*